

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan anu judulna “Novel *Sasalad* karya Dadan Sutisna (Ulikan Struktural jeung Antropologi Sastra)” medar ngeunaan: 1) téma anu nyampak dina novel *Sasalad* karya Dadan Sutisna, 2) fakta Carita anu nyampak dina novel *Sasalad* karya Dadan Sutisna, 3) sarana sastra anu nyampak dina Novel *Sasalad* karya Dadan Sutisna, jeung 4) unsur antropologi sastra anu nyampak dina novel *Sasalad* karya Dadan Sutisna. Teori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan struktural Robert Stanton jeung konsep unsur antropologi sastra Nyoman Kutha Ratna kalayan metode déskriptif kualitatif anu ngagunakeun téhnik studi pustaka jeung téhnik analisis.

Téma dina ieu novel téh basa keur mahabu ku sasalad pés, hiji lalaki meunang supata élmu halimunan, jirimna ilang mangtaun-taun. Anu jadi cukang lantaran pasualan dina ieu carita téh nyaéta basa mojang buah haténa kawin ka batur, Sutaya tokoh utama nyambat ajian halimunan, tuluy asup ka kamar pangantén mojang buah haténa. Ti harita manéhna katulah ku élmuna sorangan, leungit awak salila welasan taun. Geus diubaran ku rupa-rupa cara, nepi ka nyoba-nyoba maténi diri, tapi teu cageur-cageur. Antukna ngacancang ka mana-mendi, sakitu taun abur-aburan di tatar Garut, nyorang pirang-pirang kajadian, tapi kasono ka éta awéwé teu weléh hurung.

Fakta carita nu nyampak dina novel *Sasalad* ngawengku ayana galur, palaku, jeung latar. **Galur** diwangun ku dua belas épisode. Jalan caritana maju mundur, ku sabab ieu novel téh miboga galur anu zig-zag kayaning runtuyan galurna kabagi jadi lima nyaéta *situation*, *generating circumstance*, *rising action*, *climax*, jeung *denouement*. **Palaku** utama dina ieu novel téh nyaéta Sutaya, ari palaku nu lianna aya 66 urang. **Latar** anu kapaluruh ayana latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Latar tempat ngawengku 8 latar tempat leuweung, 16

latar tempat kota, 54 latar tempat pilemburan, 40 latar waktu absolut, 23 latar waktu parsial, jeung latar sosial anu ngadéskripsikeun kahirupan awal abad ka-20 jeung sakabéh unsur-unsur nu ngarojong kana éta latar sosial.

Sarana sastra dina novel *Sasalad* karya Dadan Sutisna anu kapaluruh ngawengku ayana judul, puseur implengan, jeung gaya basa. **Judul** novel *Sasalad* ngagambarkeun eusi carita dina ieu novel. **Puseur implengan** anu digunakeun ku pangarang nyaéta métode carita kuring (*Ich-Erzählung*) atawa jalma kahiji palaku utama. **Gaya basa** anu digunakeun nyaéta basa nu basajan, tapi ogé diseselan ku sababaraha gaya basa saperti ngaupamakeun, lalandian, mijalma, rautan, ngasor, rarahulan, kadalon, sindir, bodor, jeung raguman.

Unsur antropologi sastra anu nyampak dina novel *Sasalad* karya Dadan Sutisna ngawengku mangsa heubeul, kaarifan lokal, folklor tradisi lisan (kedalan tradisional, basa rayat, jeung carita rayat), folklor tradisi satengah lisan (upacara nikahan, upacara tilar dunya, upacara tulakbala, upacara lahiran, ujungan, ngaruat, jeung boboran), jeung folklor tradisi non lisan (rupa-rupa ubar tradisional jeung ngimpi), sarta mitos anu masih kénéh dipercaya sarta jadi kabiasaan di masarakat jaman harita.

Ieu novel nyampakkeun struktur anu lengkep jeung detail. Kitu deui dina unsur antropologina nyadiakeun pasualan-pasualan kamanusaan dina kahirupan masarakat Sunda. Ieu carita *Sasalad* nu ditepikeun ku Dadan Sutisna ngagunakeun gaya basa nu éndah sabab mancurkeun ide tulisan nu kawilang rongkah. Hal éta dimungkinkeun ku hirup kumbuhna pangarang nu teu leupas tina buku, média digital, jeung interaksi antara pangarang lianna.

## 5.2 Implikasi

Dina hiji panalungtikan tangtuna miboga kaonjoyan jeung kahéngkérana. Sanajan ieu panalungtikan masih aya kahéngkéranna tina sababaraha aspék, di antarana waktu nu heureut, tapi dipiharep aya kaonjoyannana tina ieu panalungtikan anu bisa mawa kahadéan, utamana pikeun nambahan pangaweruh

jeung kamekaran élmu kasusastraan. Dumasar hasil ieu panalungtikan diharep bisa ngeuyeuban kamekaran unsur antropologi sastra, hususna dina karya sastra Sunda, sarta bisa jadi référénsi pikeun bahan ulikan.

### **5.3 Rékoméndasi**

Sabada nalungtik ngeunaan unsur antropologi sastra dina novel *Sasalad* karya Dadan Sutisna dilaksanakeun, panalungtik ngarasa perlu pisan nepikeun sababaraha rékoméndasi pikeun pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan sangkan leuwih gemet ogé leuwih euyeub deui dina nalungtik perkara unsur antropologi sastra.

Kahiji, panalungtikan sarupa anu maluruh ngeunaan unsur antropologi sastra perlu terus dilaksanakeun, boh ku masarakat akademisi boh masarakat sacara umum. Anu jadi tinimbangan mah sangkan kapanggih unsur antropologi sastra dina karya-karya séjén jeung pangarang séjénna. Lian ti éta, sangkan ngeuyeuban hasil-hasil panalungtikan ngeunaan karya sastra. Kadua, novél *Sasalad* perlu dibaca ku masarakat umum. Ku sabab miboga ajén inajén nu luhur ogé méré conto hadé pikeun eunteung masarakat dina hirup kumbuh sapopoé.